

BOEKOE KAOETAMAAN ISTRI  
Karangan RADEN DEWI SARTIKA,  
Goeroe sakola istri di Bandoeng  
(Loeang piwoeroek djeung pangadjaran)



BANDOENG 1912

## Panganteur

Ieu naskah diketik ulang ku salah saurang anggota di group Pustaka Sunda, **Ade Daryana**. Naskah ieu, nganggo éjaan ayeuna supados babari kabaca ku sadayana. Mung upami kecap sareng kalimahna mah angger saujratna anu aya dina buku sareng bakal dibagi ka sababaraha bagéan. Mugia ieu buku aya mangpaatna kanggo urang sadayana.

## BUBUKA

Ieu buku dingaranan buku 'Kautamaan Istri', bacaeun barudak sakola jeung kolot-kolotna.

Naon ari anu jadi kautamaan istri?

Éta rupa-rupa, babakuna nurutkeun:

1. Bangsana; bangsa ménak atawa santana atawa abdi-abdi, bangsa sudagar, anu tani.
2. Adat jeung kabiasaan, dina hiji-hiji nagara, kumaha kacaraanana di dinya (ciri sabumi cara sadésa).
3. Palajaranana ti bubudak, jeung cacampuranana.

Tatapi ari ari anu jadi poko mah, ngan sarupa, nya éta nyaho kana kaperluanana nu jadi awéwé, cara pangkat atawa anu jeneng, uningan ngajalankeun kawajibanana, jeung ngajalankeun kersa anu ti payun.

Naha teu aya, awéwé urang pribumi, anu kasebut utama kitu?

Ih, dimana-mana ogé geus aya, ngan lamun dibandingkeun jeung réana cacah jiwa di Pasundan anu geus kasebut utama téh, ngan saeutik kénéh pisan.

Demi réréana bangsa ménak jeung nu baleunghar, nu gedé pakeunna, pikeun nyieun kautamaan téa atawa kasenanganana.

Éta bangsa ménak ti murangkalihna kénéh geus meunang pangajaran ti ibu-ramana atawa ti sépuh sépuhna. Ari jaman ayéuna geus lumbrah putra-putra ménak disakolakeun walanda atawa dipatuhkeun di guru-guru walanda atawa di tuan-tuan nu séjén, supaya meunang pangajaran jeung tata basa Eropa, jadi tambah-tambah kauningana jeung kaisana.

Kumaha ari bangsa abdi-abdi nu leutik?

Éstu buta tuli sagala aturan teu nyaho saenya-enyana, ngan dikira-kira baé sугan kitu, sугan kieu, lantaran ngadéngé atawa neuleu saliwat. Sumawonna jelema urang pagunungan atawa pasisian mah anu langka pisan campur jeung urang dayeuh, tangtu kurang pisan kanyahona, sabab teu aya nu miwuruk, teu aya nu menerkeun enya-nya. Teu bisa maca nulis, jadi teu terangeun sakur anu kajadian saluareun baligeusanna.

Abdi-abdi nu mindeng campur atawa mindeng neuleu menak mah, rea anu sok nurutan ménak, basana atawa papakéanana atawa petana.

Éta hiji tanda abdi-abdi ogé hayang maju, nurutan anu hadé, nya éta babakuna nurutan ménak téa.

Sabab kadeuleuna atawa kadéngéna kaayaan di ménak téh matak resep jeung garenah, saperti aturan bumén-bumén, tata basa, tindak-tanduk, papakéan jeung paparabotan, ngan supaya ulah datang ka sulaya peta baé, nya éta matak ngamonyah monyah rejeki teu puguh.

Éta kabéh kadeuleuna ku abdi-abdi , sagala pantes, bararesih matak hayang nurutan.

## Bag.2

Jeung deui saur sepuh-sepuh, ménak-ménak téh lamun ditilik-tilik, kagungan asal atawa dasar tujuh rupa, anu disebut bujangga Malayu: Bangsawan, hartawan, budiman, setiawan, gunawan, darmawan, sastrawan.

1. Bangsawan, tegesna ménak gedé, turunan ti ibu ramana, agung palungguhanana, tuturunana ngereh nagara.
2. Hartawan, tegesna beunghar teu aya kakurangan, sugih mukti jeung réa rahayat.
3. Budiman, nya pinter, lantip budi, titih surti, gedé wiwaha, asak jeujeuhan.
4. Setiawan, nya éta suci ati, hadé haté, adil, sagala reujeung timbangan, ucap jeung peta sabenerna, sapantesna.
5. Gunawan, sagala aturanana matak hasil ka abdi abdi, jadi kasenangan ka saréréa, jadi kautamaan ka salirana, kersa miwuruk mitutur ka nu teu nyaho.
6. Darmawan, tegesna welas-asih ka abdi-abdi, nulung ka nu butuh, nyaah ka nu sangsara, méré mawéh ka sadérék, hormat jeung tilawat ka sepuh-sepuh.
7. Sastrawan, tegesna pinter nulis, pinter itungan, réa aturan, percéka iasa carita.

Kusabab éta ngaran ménak téh di sagala bangsa dihormat ku abdi-abdi, piwurukna jeung laranganana digugu.

Turunan ménak anu kasebut di luhur, najan teu jeneng ogé osok katurut jeung kaimpungan ku abdi abdi.

Ku sabab éta ménak téh lamun ngajalankeun hadé atawa goréng, gampang pisan diturutanana ku abdi abdi.

Ningal katerangan kitu, anu ngarang ieu buku, gaduh pangarep-ngarep, lamun istri-istri ménak kersa rukun jadi hiji, ngamajengkeun abdi-abdi, tangtu laun-laun ogé abdi-abdi urang pribumi maraju, maju pangartina, maju pangabisana, maju kadaékna, hadé laku lampahna, hadé adatna, cindekna salamet hirupna.

Lamun abdi-abdi kabéh geus mangarti, geus réa pangabisana, cik saha nu tambah senang?

Nya ménak-ménak kénéh baé, nu tambah senang téh, sabab tangtu sagala paréntah jadi, da réa nu nyabak. Sugaan kakeuheulan ku badéga ku pangasuh, lantaran euweuh kanyaho, taya kabisa teh, lila-lila mah leungit.

Kumaha atuh prakna pikeun ngamajukeun abdi-abdi teh?  
Nya éta kudu ...

### Bag.3

Kumaha atuh prakna pikeun ngamajukeun abdi-abdi teh? Nya éta kudu aya tempatna atawa sakolana. Ari guruna utama kudu welasasih, ucap jeung peta sabenerna, sapantesna, kudu nyaho ditatakrama, supaya katurut atawa kaimpungan ku abdi-abdi téa.

Upama teu aya istri-istri ménak nu kersa jadi guru sakola, nya éta miwuruk abdi-abdi téa, asal kersa nangtayungan baé (jadi kumisi) merlukeun sumping ka sakola istri, sabulan sakali atawa sabulan dua kali, miwuruk tata basa atawa maparin terang ka guruna, naon-naon anu perlu awéwé kudu bisa.

Meureun aya ogé nu rék nyarios: Éta lamun abdi abdi palinter kabéh, henteu aya ménakna, cara jati kasilih ku junti, atawa tangkal éléh ku mangandeu, batu turun keusik naék.

Mangga éta carios urang luluskeun.

Naon saenya-enyana anu disebutkeun pangajaran?

Ari anu disebut pangajaran, nya éta pangarti atawa parabot pikeun mérésan, ngahadéan jeung ngamajukeun sagala rupa atawa perkara.

Sarupa kai keusrak beunang dilimitan nya éta ku sugu, tangkal keru kudu digemuk, jelema goréng beunang diwarah, nu bodo kudu diajar; ku sabab éta pangajaran téh

beuki alus, beuki hadi tapakna, atawa beuki hadé kajadianana.

Jadi upama bangsa urang ditungtun-tungtun sakumaha mistina sakumaha perluna, dibéré pangajaran anu hadé diwurukan ti bubudak, adatna gé jadi hadé, pamilihna bener, pikiranana terang.

Anu geus kitu jadi pinter bageur ngaranna.

Anu pinter bageur tara nyusahkeun batur,

tara ngawiwirang batur,

hadé atina manis budina,

hadé laku lampahna lemes adatna,

bisa nyukakeun ka pada kaula,

nyaho di tata basa, anu hadé keur ka saluhureun jeung keur ka sahandapeun. Jeung réa-réa deui jaba ti éta tandana jelema anu pinter.

Jadi pendékna jelema atawa bangsa anu geus maju téh, sakabéh palinter awéwé lalaki teu tinggaleun ku anu pada palinter najan bangsa séjén, ménak-ménak tambah mulya, sudagar tambah baleunghar, abdi-abdi sugih mukti.

Sarta nyaho dina dungduman saurang-saurang, jadi ménak teu diunghak, abdi-abdi teu di jepit.

Jeung deui lamun abdi-abdi tambah maju, ménakna asa kajurung. Tangtu kapaksa ngamajukeun pangarti nyipuh



kaménakanana, ulah nepi ka diunghak ku abdi-abdi. Jadi sakabéhna pada maju!!

Demi sakola baris barudak awéwé urang pribumi, anu pangmimitina aya, nya éta di Bandung, lilana geus 7 taun. Lila-lila aya deui di tanah Jawa, nya éta di Karang Anyar, jeung di Bogor. Cariosna aya deui di Serang jeung di Ciamis.

Dina bulan ieu anu ngarang ngadamel karasméan di Societit 'Parukunan', kalawan kersana Kanjeng Bupati Bandung, tawis lulus éta sakola di jero 7 taun (Jubilieum).

Sagala karajinan jeung kaanéhan buatan barudak sakola istri ditémbongkeun kasadayana dijieun tongtonan.

Kitu deui anu ngarang harita maca, nyaritakeun sagala pamendak, ti awit ngadeg sakola dugi ka ayeuna.

Ningal harita sakitu roana nyonya-nyonya, tuan-tuan pangagung jeung ménak-ménak anu naringali, kitu deui abdi-abdi di piluaran, mungguh réa nu warangsul deui béakeun tempat, éta jadi tanda sami panuju ningali kamajuanana budak sakola.

Demi sagala pamendak anu ngarang téa dibukukeun; nya ieu:

Bab luang piwuruk jeung pangajaran.

Ieu ogé jadi sarat kana kautamaan istri.

Muga-muga seueur anu kersa maos, sarta malah mandar jadi panarik kana kersana ménak-ménak ngamajengkeun barudak awéwé.

Salam ta'dim

Bag.4

I

Dina taun ieu nu ngarang geus jejeg tujuh taun lilana jadi guru 'sakola istri' di Bandung.

Ari asalna pisan ngiring kana kersana Kanjeng Tuan Inspecteur sakola 'C den Hamer', anu ayeuna geus pansion mulih ka nagara Walanda. Anjeunna anu mimiti ngadegkeun sakola baris barudak awéwébangsa urang pribumi, nya éta di Bandung. Sareng mupakatna Kanjeng Bupati Bandung, Radén Adipati Aria Martanagara.

Éta sakola mimitina dibuka dina tanggal 16 bulan Januari 1904, muridna aya 60, ari guruna tiluan.

Demi tempatna di paséban kulon payuneun kabupatén, anu ayeuna dianggo kantor bank (Bandoengsche Afdeelings bank). Ari ayeuna geus boga tempat sorangan muridna aya 210, guruna lima.

Saméméh jadi guru, nu ngarang geus resep mapatahan barudak awéwé, babakuna kulawarga, nya éta ngarénda, nyulam, ngarancang jeung tata basa.

Barang pok ogé didawuhan ku Kangjeng Tuan Inspecteur, yén nu ngarang rék didamel guru sakola, teu kira-kira bungahna, cék babasan téa mah asa mobok manggih gorowong. Turug-turug karempungan ku sepuh.

Kumaha anu matak bungah rék didamel guru téh? Tur sadayana pada uninga, teu aya pangabisa, cupet budi, tuna nya panemu.

Ari anu matak bungah téh kieu:

1e. Resep mapatahan barudak téa jadi kebat jeung barudak tambah teteg haténa sabab kawuwuhan ku paréntah pangagung.

2e. Jadi guru téh najan awéwé, lain lampah hina, teu ngarempak cegahing syara. Nu dipalar urang Sunda awéwéna bisa maju, nurutan urang Éropa, malah mandar bangsa urang teu dihina teuing ku séjén bangsa.

3e. Boga gawé anu tangtu; karana awéwé anu teu puguh gawé, luangna sok nguluwut, tungtungna rupa-rupa, perkara ieu sadayana ogé pada uninga atawa ngaraos.

4e. Pangkat guru téh ku bujangga mah disebut martabat pangluhurna, geuning aya cacandran karuhun: anu kudu diturut téh aya tilu: guru, ratu, wong atua karo. Jeung deui buktina ogé guru téh tukang ngawuruk pangarti, mapatahan kahadéan, sugan cék babasan 'bodo géo' oge hamo kabina-bina teuing, jeung deui aya babasan walanda, pisundaeunana: lamun daék ngumbah leungeun kénca, leungeun katuhu ogé milu bersih.

5e. Jeung nu jadi guru mah sok réa pamendak, saban poé nambahan, lantaran kapaksa jadi kolot barudak, ditanya ku barudak.

6e. Pangarti jeung pamendak téh anu baris dituturkeun ku jelema salawasna hirup, nya éta saupama obor, baris nyaangan jalan ka nu poék.

Di jero tilu opat taun mah nya jadi guru, teu eureun-eureun dipalisaur, mani asa rawing ceuli, ku nu moyok, basana ruparupa: 'Ngapeskeun kolot, kawas nu teu dibéré teu diurus, teu pantes bangsa urang mah awéwé jadi guru sakola, euweuh ti baheulana, aya oge guru ngaji' jeung réa-réa deui lian ti kitu. Pangmalisaur kitu, boh ménak boh somah lantaran kurang pamanggih kabaheulaan kénéh. Teu emut kana babasan 'baheula-baheula, ayeuna-ayeuna'.

Tatapi nu ngarang ogé teu pisan galideur, unggut kalinduan, gedag kaanginan, sabab geus jamak baé anu hirup téh, najan sakumaha hadébageurna gé, sok aya baé anu dengki. Mungguh di bangsa urang nu matak dengki batur téh aya tilu: banda, bagja, rupa.

Sumawonna barang geus ramé basa Kaum Muda, beuki pangger haté téh.

Naon éta Kaum Muda téh, jeung kumaha karepna?

## Bag.5

Naon éta Kaum Muda téh, jeung kumaha karepna?

Ari nu dibasakeun Kaum Muda téh bangsa urang, awéwé, lalaki, Sunda, Malayu, Bugis, Makasar, anu karep 'ngamulyakeun dirina', ku lantaran pangartina jeung kanyahona, sarta kadaékna. Éta Kaum Muda jolna ti jelema pinter, nyaéta hiji urang Malayu, ngaranna Abdul Rivai; tina kapinteranana jeung temen wekelna sarta cucud kana ngulik pangarti, ayeuna nepi ka bisa jadi Dokter Militair di Cimahi (\*ayeuna geus ngalih ka Fort de Kock), palungguhanana teu béda jeung dokter-dokter Éropa.

Ku sabab éta nu ngarang harita beuki pangger nyekel bebeneran sorangan, sabélong-béntor milu ngeureuyeuh dina jaman kamajuan. Ari nu dipikir beurang peuting di bélaan hésé capé, teu aya deui ngan perkara sakola awéwé. Babakuna sakieu:

1. Sangkan kolot-kolot harayang nyakolakeun anakna awéwé, ngarti kana gawéna atawa beubeunangan sakola.
2. Barudakna daék sakola, jeung cucud nepi ka tungtungna.
3. Pangajaran naon anu perlu keur barudak awéwé, kudu bisa naon, nepi ka kumaha? Pibekeleun hirup.
4. Ngawaskeun kalakuan awéwé anu hadé anu goréng, pikeun conto ka barudak.
5. Kabéh dieunakeun tataros ka sepuh-sepuh, ka nu palinter, ka bujangga-bujangga; malah cumenos ka para

bupati, ajrih-ajrih ogé wayahna, tumaros naon kaperluanana anu jadi awéwé, supaya hirupna ulah nepi ka balangsak.

Ari akal anu dipetakeun ka barudak teu aya deui ngan dua: Nganaséhatan jeung nyontoan. Malah mandar aya hibar suwargina Tuan K. F. Holle, anu ngamajukeun abdi-abdi kana tatanén, bawaning dihantem dileukeunan dinaséhatan jeung dicontoan teu burung ayeuna réa nu tani sugih mukti. Ari saurna basa Walanda: 'leeringen wekken, voorbeelden trekken'. Pisundaeunana: 'naséhat téh panghudang niat, ari conto matak héroy'.

Tatapi naséhat jeung conto anu keur dipetakeun ku nu ngarang mah, lir upama parahu leutik, anu keur ditarumpakan ku barudak awéwé, rék ka nagara kamajuan, nyorang lautan gedé, anu pohara lambakna. Lakuning biheung pitepieunana, kurang-kurang untungna mah meureun kalebuh!

Ngan, geus kitu bagjana éta barudak; bet ujug-ujug jol kapal gedé, jeung sakitu santosana, ngaping jeung nuduhkeun jalan ka nagara kamajuan téa.

Cik naon anu disilokakeun kapal gedé téh?

Ari anu disilokakeun kapal gedé téh, nya éta ayeuna di Bandung ngadeg hiji pakumpulan, aturanana Kanjeng Tuan Inspecteur sakola anu ayeuna J. C. J. Van Bemmél, maksudna baris ngamajukeun barudak awéwé.

Ku sabab kitu, éta pakumpulan ku Kangjeng Bupati Bandung disebut pakumpulan "Kautamaan Istri"

## Bag.6

### II

- a. Ari ngadegna éta pakumpulan, tanggal 5 Novémber taun di luhur 1910.

Dina waktu anu kasebut diluhur, anu ngarang ditujul ku kanjeng Tuan Residén W. F. L. Boissevain kudu jogo dikarésidénan pukul tujuh malem Ahad.

Kitu deui ngahaturanan linggih tuan-tuan jeung nyonya-nyonya anu sami misuka kana kamajuan istri urang Sunda, supaya ngaluhan éta kumpulan, luluguna Kanjeng Tuan Inspecteur sakola, Kanjeng Bupati Bandung, jeung aya tilu Radén Ayu.

Dina waktu éta kumpulan ditetepkeun anu jadi pamaréntahna (Bestuur), nya éta nyonya-nyonya jeung Radén-radén Ayu baé, anu sami kersa ngamajukeun kana kapinteranana awéwé urang Sunda.

- b. Nu rék ditaroskeun ku éta commissie, diheulakeun sakola istri di Bandung, ari ngurusna kieu:
  1. Commisie nyuhunkeun ka pangurus supaya éta pakumpulan 'Kautamaan Istri' dipaparin kakuatan anu teguh (rechtspersoon).
  2. Eta commissie dibagilirkeun dua-dua (Nyonya hiji Raden Ayu hiji) sakumaha anu kasebut diluhur, sumping ka sakola istri; marios naon kakiranganana, naon anu kudu diayakeun, naon anu kurang hadé.



3. Di mana geus kagiliran sadayana, tuluy deui ngadamel kumpulan, ngabarempagkeun beunang marios téa.

c. Ari piongkoseunana, saheulaanan kieu:

1. Kangjeng Tuan Inspecteur ngadamel serat ideran, ka tuan-tuan jeung nyonya-nyonya, nyuhungkeun pitulung, sугan kersa maparin uang urunan, saban bulan atawa sakali baé.
2. Kitu deui Kangjeng Bupati ngadamel serat ideran, ka ménak-ménak jeung ka kolotna barudak téa. Maksudna cara di luhur.
3. Lamun éta uang urunan teu mahi, rék nyieun lotré, gedé leutikna jeung aturanana ditimbang ku Kangjeng Tuan Resident sareng Kangjeng Tuan Inspecteur.
4. Upama éta duit leuwihan, rék dianggo deui ngadamel sakola istri, saperti di Garut atawa di mana baé, anu katimbang perlu aya sakola istri. (\*Pangharepan commissie téh, beunang disebutkeun untung. Surat urunan anu diiderkeun jeung lotre duit téa, beubeunanganana cukup baris ngamajukeun sakola istri di Bandung, malah mahi jeung baris nulung (pakeun), keur ngadegkeun sakola istri di Garut.)

Tah sakitu pangaturanana Kangjeng Tuan Inspecteur, kalawan mupakatna Kangjeng Bupati baris mikawelasna ka barudak awéwé, supaya maju pangartina jeung pangabisana. Perkara ieu tangtu geus kamanah ku anjeunna lain lalaki baé kudu maju téh, awéwé ogé kudu

maju, sina layout jadi saaleutan. Karana meureun geus ngadangu ogé, aya pameget anu pinter, ari geureuhana teu pisan aya kabisa, salawasna laki rabi susah baé.

Jeung awéwé téh popojokannana boga salaki, sok boga anak. Éta anak téh anu ngurusna, ngawarahna lumbrahna indung bagianana; ari karepna sakabéh jelema ogé sarua, hayang boga anak téh cageur bageur. Tapi kumaha sangkana kitu? Teu aya deui kajaba ti indungna kudu boga pangarti, réa kanyaho, loba kabisa, nya-éta kudu sakola.

Muga-muga baé sakumaha kersana Kangjeng Tuan Inspecteur téa geura aya pungkasna, mun pepelakan téa mah, mulus jadina, ngemploh daunna, ngarangkadak dahanna, leubeut buahna.

Bag.7

III

Ayeuna rék malikan deui carita, naha perlu awéwé téh disakolakeun supaya pinter?

Karéréanana jelema pamilihna kieu:

1. "Ah, awéwé mah teu kudu sakola, da najan pinter ogé moal jeneng cara lalaki. Asal bageur baé, bisa ngéjo, bisa nyambel, bébérés di imah, keur kumawula ka lalakina. Cenah hayang bisa nulis, ménta baé dipapatahan ka salakina."
2. Aya deui nu kieu panalarna: "Hih cumah awéwé disakolakeun téh, ana geus pinter nulis, sok dipaké susuratan teu puguh, matak narik kana teu bageur. Mending cicing baé di imah, mantuan digawé ka kolot."
3. Ari bangsa santri mah lain kitu pamilihna, kieu: "Is, awéwé mah lain disakolakeun, sina ngaji, diajar rarakatan salat, ngaji sipat dua puluh, tasaup, ambéh bageur, aya keur megat napsuna; da awéwé mah kudu gedé bendungan."

Aya deui pamilih bangsa santri, anu kadangu ku Kangjeng Bupati Bandung: awéwé mah teu meunang katénjo ku lalaki séjén, anging ku salakina jeung akrabna. Ku sabab éta awéwé mah teu hadé disakolakeun.

Cing mana anu bener?

Cek pikiran anu ngarang, kabéh ogé teu salah, da karepna mah sarua, ny-éta bisi anakna teu bageur. Tapi mungguh jelema téh awéwé lalaki ogé teu cukup ku bageur wungkul da kudu jeung boga pangareti, pangabisa, pikeun nyiar kahirupan dina mangsa teu aya nu maradah keur ngajaga kasalametan, nolak balai, jeung jaba ti éta.

Jeung deui, lamun budak awéwé teu sakola naha pagegedénana tangtu bageur? Beu! Nista wong ngucap, kapan aya babasan, najan dipetian beusi ogé, ari rék goréng mah nya goréng baé. Jeung aturan sakola téh anyar kénéh, tibaheula mah tara aya nu sakola. Naha baheula tara aya jelema goréng?

Bag.8

IV

Kumaha anu matak karéréaanana jelema, kitu pamilihna?

Éta lantaran teu acan terangeun pisan gunana (hasilna) sakola, pangirana di sakola téh diajar nulis baé atawa maca buku jeung itung-itungan. Halna jaba ti éta (poko), réa deui pangajaran anu perlu pikeun kautamaan jelema hirup.

Ku Kangjeng Tuan Inspecteur, sakola téh disebut: de bron van het leven. Tegesna sakola téh hulu wotan hirup, sabab jaba ti poko téa, barudak téh dipalajaran:

1. **B e r s e k a** : nya-éta awakna, papakéanana, parabot sakola, tempat diukna kudu bersih. Apik baranghakan, ulah garawagan.
2. **T a t a** : nya-éta sagala peta bérés jeung rintih guyub atawa bareng jeung batur, adab-adaban keur ka ménak, keur ka sasama, keur ka kolot. Maké pantes jeung layak.
3. **B a s a** : bener makéna, henteu pahili, keur ka ménak jeung keur ka somah, bisa nyarita, béntés ngepokkeunana, jeung henteu cawokah atawa calutak.
4. **T u k u h** : kana waktu, saperti keur digawé (diajar) ulah dipaké ulin jeung sabalikna. Mandi, nyatu, héés kudu dina waktuna, jeung angger.
5. **N u r u t** : nya-éta ngalampahkeun paréntah guru, paréntah kolot anu bener saregep digawé, hadé gawé jeung anggeus, cepet bener, henteu bohong.

6. S u k a : nya-éta nyiar kabungahan ati, tembang, ngawih, tatabeuhan, ngadongéng, nénjoan gambar alus (tjotjoön-cocooan?), ulin jeung batur, nyieun karajinan.
7. H a d é h a t é , b e r e s i h ati: saperti rapih jeung pada batur, tara maséaan, nyaah ka babaturan, henteu pelekik, ka nu lian daék nulung, sabar, tara gurung gusuh, henteu kumaki, pupujieun, sirik pidik, irén panastrén.
8. G e m i : saperti diajar ngampihan duit (nyéngcéléngan), sangkan nyaho di harga duit, héséna nyiar duit, engkéna sina bisa ngeureut miceun, bisa mahi ku saeutik, réa nyésa.
9. M i k i r atawa pamilih: nya-éta mukakeun akal sangkan engkéna bisa mikir, bisa milh hadé jeung goréng, salah bener, ngeunah teu ngeunah.

Demi sakola istri di Bandung ditambah ayeuna 3 rupa pangajaran, nya-éta:

1. K a r j i n a n i s t r i , saperti: nyulam, nyongkét, ngarénda, ngaberé, ngabedahan jeung ngaputna papakéan, nyieun kembang kertas, ngagambar jeung jaba ti éta.
2. I mah-imah, saperti: hal bébérés, éntép-éntép nyeuseuhan nilepan jeung ngistrika papakéan, ngumbah ajeung ngabersihan parabot, ngaroris pakarangan jeung ngurus dahareun.
3. O l a h . Diajar olah-olah deungeun sangu, jeung deungeun ngaleueut bangsa urang.

Kapayun-payunna baris diajar ngabatik, nya-éta nulis samping, totopong, karémbong, jeung ngadawolong.

Kusabab eta budak anu cuccud sakolana mah nepi ka tamatna, beunang diarep-arep jadi jelema hadé, cék babasan cageur bageur, cepet bener boh awéwé boh lalaki sarua baé.

Anu ngarang mindeng mendak barudak awéwé dipasar baru di Bandung, kaluaran sakola istri di Bandung, geus bisa nulung kolot kolotna, nyekel patlot jeung buku notes, nuliskeun barang, atawa nyatet anu mayar hutang, nu ngayuh dagangan. Jeung deui geus réa anu dagang kutang, baju erok, rénda rénda, saputangan suat.

Ieu geus kauninga ku nu agung, sarta jadi kabungahanana, tina ningali kamajuanana abdi-abdi. Sarta lamun sakabéh urang pribumi (kolot kolot) dimana-mendi geus ngarti kabéh kana hasilna awéwé disakolakeun, saperti nu enggeus-enggeus di Bandung, tangtu abdi-abdi beuki tambah-tambah majuna.

## Bag.9

### V

Ayeuna rék dicaritakeunpahaman dokter, pasal budak.

Ari tarékah (sarat) supaya budak pagegedéanana jadi jelema hadé, tibubudakna kudu cageur, nyaeta henteu réa kasakit dina badanna, henteu apes pancadriana, nya-éta: seukeut deuleu, seukeut ambeu, awas déngé, percéka, padang ati.

Saur Radén Docter Saleh panyakit éta aya dua:

1. Kasakit bawa ngajadi, ti barang gelar ka dunya geus aya, éta kasakit disebutna tuturunan (ervelijke ziekten, atawa kwalen). Hartina kasakit, adat jeung tabéat ngala ka sepuh-sepuhna.
2. Panyakit jeung adat kabiasaan, anu datang pandeuri nya-éta sanggeus gelar ka dunya, sarupa rieut, lieur, seueul angen, mules beuteung jeung réa réa deui.

Jeung nurutkeun kumaha cacampuranana jeung piaranana budak, saperti campur jeung ménak bisa adab tatakrama cara ménak, jeung bisa jadi ménak.

Sabalikna najan putra ménak ana teu dipiara teu disakolakeun teu bisaeun jadi ménak. Tungtungna leungit ngaran kaménakanana, timbul goréng adat, goréng lampahna, mamawa kasaréréa, diturutan ku somahan, nya éta lantaran teu dipiara atawa diogo diturut sakarep-



karepna ti leuleutik, ari geus gedé mah hésé diwarahna. Geuning aya paribasa: Awi beunang sotéh dipelengkang-pelengkung keur ngora kénéh, ari geus kolot mah manan beunang kalah potong.

Éta dua rupa panyakit téa beunang dijaga, diubaran ku tarékah, ku hadé piaraanana, komo lamun nu asal (turunan) hadé, ditambah ku hadé mulasarana, jadi tikel-menikel hadéna. Ku lantaran dijaga jeung ditarékahan téa, téténjoanana, pamilihna tangtu séjén ti budak anu goréng ngajagana atawa piaranana. Geuning kembang ros beureum ogé meunang diomé, kembangna bisa jadi alus jeung warna-warna.

Kitu deui barudak Sunda anu hadé ngurusna, bisa ogé mapakan ka urang Eropa.

Sabalikna lamun budak henteu hadé ngurusna, tangtu geningan berewit réa kasakit. Pagegedéanana goréng adat jeung sok belet atawa lembék pikiranana, babari ngalampahkeunana kagoréngan, babarian kagoda, babarian kaolo, napsuna jadi gedé, tara katahan ku tanaga pikiranana, da geus lembék ti leuleutik. Tah kitu pahamna Raden Docter Saleh.

Jeung saur anu paham kana perkara urusan malajaran barudak (opvoedkundige), ingetan nu terang atawa ati nu padang téh ayana di nu badanna waras. (Een gezonde ziel is in een gezondlichaam).

Aya deui saur anu pinter, ati padang tur waras badan, éta manusa sampurna. (Een gezonde zielin een gezond lichaam, dat is de volkomen mensch).

Anu ngarang mendakan carios, di Eropa aya tuan jenenganana Thomas Alva Edison, ibuna hiji guru sakola. Éta Tuan Edison disakolakeunana ngan 6 bulan, tuluyana diwuruk ku ibuna baé, diwejang ku anjeun. Lantaran ati-ati sarta hadé malajaranana, Tuan Edison jaman ayeuna jadi pangmashurna di dunya tina sakitu kapinteranana terang pikiranana, disebutna ogé 'raja listrik'.

Mesin ngomong jeung telepon (supaya beunang dipaké ngomong ka nu leuwih jauh, saperti ti Bandung ka Batawi), éta ogé kapinteranana Tuan Edison.

Kumaha ari bangsa urang kira-kirana aya nu pibisaeun kitu?

Beu! Jajauheun, cék babasan téa mah, 'jauh tanah ka langit'. Tatapi teu mustahil, teu kapanggih ku urang, sugan ku anak incu, sabab jaman ayeuna ogé geus mimiti bangsa urang maju, kaserepan kapinteran Eropa, tapi réréana bangsa pameget, nya-éta putra-putra ménak atawa anu baleunghar, ari istri mah tacan pati réa.

Kumaha atuh supaya bangsa urang tambah maju?

Hal ieu ku nu agung geus kamanah nya-éta awéwéna nu kudu maju téh deui, palinter cara lalaki, sabab awéwé téh anu baris jadi indung, manéhna anu pangmimitina ngasupan pangarti ka jelema, nya-éta ka anak-anakna, awéwé lalaki.

Jadi utamana awéwé bangsa pribumi téh kudu nyaho kana saniskara urusan awéwé.

Anu kaémut ku nu ngarang aya 6 rupa:

I. Pasal ngurus budak, ti oorok nepi ka meujeuhna disakolakeun, bangsa urang umur 6 atawa 7 taun.

II. Ngajaga budak sapanjangna sakola kénéh.

III. Geus lanjang sarta tamat sakolana.

IV. Boga salaki jeung imah-imah.

V. Teu boga salaki atawa katinggal ku salaki, teu aya nu maradah.

VI. Kahirupan awéwé jaba ti boga salaki

Pasal ieu sadayana baris dicarioskeun ka payun.

\*\*\*

Sakitu anu kapihatur manawi aya mangpaatna.

Insya Alloh manawi pareng urang teraskeun kana buku Roesdi jeung Misnem.

